



Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL VOYE YON LÈT POU MANDE DEPATMAN TREZÒ AMERIKEN AN REMBOUSMAN IMEDYATMAN 13.5 MILYA DOLA AN PEMAN TARIFF BAY NOUYÒKÈ YO

Sa rive apre Tribinal Suprèm nan fin deside ke politik tarif Trump yo te ilegal

Ekspè yo estime ke yon kay an mwayèn nan Nouyòk dwe 1,751 dolaa

Gouvènè Kathy Hochul voye yon lèt bay Sekretè Trezò Etazini an, Scott Bessent, jodi a pou mande l pou l travay imedyatman avèk ajans federal yo pou ranbouse tout peman tarif yo bay Nouyòkè yo.

Aprè dènye desizyon Lakou Siprèm nan ki te deklare politik tarif Prezidan Trump yo ilegal, Gouvènè Hochul kontinye mande yon ranbousman konplè 13.5 milya dola nan peman tarif yo.

Daprè estimasyon Yale Budget Lab la, yon kay an mwayèn nan Nouyòk te fè fas ak anwion 1,751 dola nan depans anplis akòz tarif yo depi lèyo te antre an vigè ane pase a, pou yon enpak total nan tout eta a yo estime a 13.5 milya dola.

Tout tèks lèt la okonplè anba la a:

Onorab Scott Bessent
Sekretè Trezò
Depatman Trezò Etazini an
1500 Pennsylvania Avenue, N.W.
Washington, D.C. 20220

Chè Sekretè Bessent,

Nan non plis pase 20 milyon Nouyòkè, mwen egzije Administrasyon Trump la pou ranbouse apeprè 1,751 dola pou chak kay nan Nouyòkè, sa vle di yon ranbousman tarif total apeprè 13.5 milya dola pou Nouyòkè yo. Pou rezon sa a, m ap mande Depatman Trezò a pou l kowòdone ak ajans ki konsène yo epi pou l fòmile epi aplike yon plan imedyatman pou ranbouse tout lajan tarif yo.

Semèn pase a, Lakou Siprèm Etazini an te deside ke tarif administrasyon Trump la te enpoze nan kad Lwa sou Pouvwè Ekonomik Ijans Entènasyonal (International Emergency Economic Powers Act, IEEPA) la. Taks ilegal sa yo te fè ravaj nan ekonomi amerikèn lan epi yo te ogmante depans pou fanmi ki travay di yo.

Aprè gouvènman federal la fin sezi ilegalman plizyè milya dola nan men pèp ak biznis Ameriken yo, kounye a li ta dwe fè sa ki dwat: remèt yo. Daprè estimasyon Yale Budget Lab la, yon kay an mwayèn nan Nouyòk te fè fas ak anwion 1,751 dola nan depans anplis akòz tarif yo depi lèyo te antre an vigè ane pase a, pou yon enpak total nan tout eta a yo estime a 13.5 milya dola.

Nouyòkè yo te santi konsekans tarif sa yo ap pwopaje nan tout sektè ekonomi nou an. Konsomatè yo peye plis yon fason konsiderab pou machandiz chak jou. Ti biznis yo te fè fas ak ogmantasyon nan depans ekipman ak apwovizyonman. Endistri agrikòl eta nou an te pran yon kou patikilye, ak kiltivatè yo ki rapòte yon kouch ensètitid anplis ki rann planifikasyon ak investisman nan lavni difisil.

Gen plizyè milyon Nouyòkè ki dwe resevwa yon ranbousman pou konsekans reyèl ak grav politik tarif ilegal ak san reflechi Prezidan Trump la. Nou dwe konpansasyon bay pèp Nouyòk la, epi Nouyòkè yo ap tann ak enpasyans pou yo resevwa tout peman nou an.

Kòdyalman,
Kathy Hochul
Gouvènè

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)